



Pou Piblikasyon Imedya: 20/05/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 30 PWOJÈ TRANSFÒMATÈ NAN REJYON KAPITAL
LA NAN KAD INISYATIV REVITALIZASYON ANBA LAVIL AK PWOGRAM NY
FORWARD YO**

Pwojè yo anonse nan Cohoes, Cambridge, Coxsackie ak Kinderhook

Detay sou Pwojè yo Disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon total de 30 pwojè transfòmatè pou Rejyon Kapital la nan kad de pwogram devlopman ekonomik: Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la (Downtown Revitalization Initiative, DRI) ak NY Forward. 11 pwojè te anonse pou Vil Cohoes, gayan Faz 6 yon prim DRI 10 milyon dola; senk pwojè yo te anonse pou Cambridge, yon gayan Faz 1 nan yon prim 2.25 milyon dola NY Forward; sèt pwojè yo te anonse pou Coxsackie, yon gayan Faz 1 nan yon prim 4.5 milyon dola NY Forward; ak sèt pwojè yo te anonse pou Kinderhook, yon gayan Faz 1 tou nan yon prim 2.25 milyon dola NY Forward.

"N ap fè investisman transfòmatè nan efò revitalizasyon anba lavil atravè eta a – pwofite sou sa ki fè chak kominote inik epi ouvri pòt opòtinite pou rezidan yo ak biznis yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou bati yon anviwònman dinamik ak solid pou rezidan lokal yo, n ap debloke potansyèl pou kominote nou yo pwospere pandan n ap onore istwa ak tradisyon ki fè yo espesyal."

Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (DRI)

Vil Cohoes te nonmen kòm gayan sizyèm faz Rejyon Kapital la nan Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la an 2023. Tout 11 pwojè yo chwazi yo ap chèche kontinye revitalizasyon dènye deseni an nan Cohoes nan devlope ekipman inik kiltirèl ak istorik pou vin modèl ti vil Rejyon Kapital la pou atizay, kilti ak redevlopman dirab: atire nouvo rezidan, biznis ak vizitè.

Nouvo investisman ki konbine avèk investisman ki sot pase yo pral kreye yon anviwònman solid pou reyabilite ak reyitilize adaptate bilding istorik anba lavil yo ak devlopman ranplasman ki enkòpore opòtinite rezidansyèl pou moun ki gen plizyè revni.

Investisman DRI yo fè pati efò kontinyèl Gouvènè a pou revitalize ekonomi an epi kreye plis opòtinite nan Rejyon Kapital la. DRI a se Depatman Deta ki dirije l, ki bay asistans teknik pandan chak kominote k ap patisipe yo devlope yon Plan Investisman Estratejik ki idantifye pwojè espesifik ki gen yon vizyon inik pou revitalizasyon zòn anba lavil la.

Pwojè espesifik yo ki gen pou jwenn finansman atravè DRI a sipòte plizyè objektif ak estrateji ki genyen nan Plan Investisman Estratejik kominote a, tankou anplifye sans inik vil la avèk yon eksperyans reyèl ak otantik ki pral katalizè pou kwasans òganik nan lavni epi ki pral ankouraje devlopman ki enklizif pandan l ap anbrase eritaj solid li yo ak divèsite etnik.

Cohoes rejwenn kominote Glens Falls, Hudson, Albany, Schenectady, Tannersville, Troy ak Lake George, ki te gayan Rejyon Kapital la nan sèt premye faz DRI yo.

Investisman 9.7 milyon dola eta a nan pwojè sa yo atravè DRI a pral ogmante investisman piblik ak prive adisyonèl pandan pwosesis revitalizasyon an ap kontinye epi devlope momantòm.

11 pwojè DRI vil Cohoes, ki bay yon total 9.7 milyon dola, gen ladan:

Transfòme Cohoes Music Hall istorik la pou tounen yon bilding net an kabòn: 950,000 dola

Transfòme Cohoes Music Hall nan yon bilding ki net an kabòn lè nou amelyore HVAC (Chofaj, Vantilasyon ak Klimatizasyon) ak mete ann aplikasyon mezi jewotèmik ak enèji efikas pou pèmèt yon chanjman nan enèji pwòp, kidonk amelyore konfò odyans lan, eksperyans atis ak fonksyonalite jeneral.

Reyabilite bilding istorik bank lan pou kreye yon nouvo bibliyotèk: 2,486,000 dola

Revitalize bilding istorik bank lan pou tounen yon nouvo bibliyotèk kominote atravè reyitilizasyon adapte pou enkli yon antre ADA, amelyorasyon twati, amelyorasyon HVAC ak yon plas piblik amenaje ki pèmèt pou kwen lekti ak amenajman peyizaj la.

Bati yon estrikti rezidansyèl 18 inite pou itilizasyon melanje: 2,250,000 dola

Bati yon nouvo bilding pou itilizasyon melanje nan 60 Remsen, ki ajoute dansite rezidansyèl ak aktivite komèsyal nan nwayo anba lavil la.

Elaji Otèl Cohoes nan bati 24 inite rezidansyèl: 1,500,000 dola

Bati yon ekstansyon twa etaj nan otèl Cohoes, konekte nouvo bilding nan dèyè renovasyon an epi ajoute dansite nan nwayo anba lavil la. Bilding lan gen ladan yon melanj de inite ki gen yon ak de chanm, avèk yon seri ekipman rezidansyèl.

Renove espas restoran/ba ak teren eksteryè sou kote a: 247,000 dola

Renove sousòl komèsyal yon bilding twa etaj pou itilizasyon melanje pou tounen yon ba ak restoran avèk lakou deyò, restore fasad istorik la nan 38 ak 40 Oneida St – 59 ak 61

Canvass St epi reyabilite pakin adjasan ak nouvo sifas, chemen, chèz, ekleraj ak plante.

Renove Blding Carter istorik pou tounen apatman ak espas komèsyal: 750,000 dola

Renovasyon istorik Blding Carter nan 57 Remsen Street pou tounen plizyè espas komèsyal ak inite rezidansyèl avèk ekipman prive. Renovasyon yo enkli rediksyon amyant, nouvo HVAC, reparasyon fasad ak twati ak renovasyon enteryè.

Renove plizyè espas komèsyal ak inite rezidansyèl: 448,000 dola

Renove yon bilding twa etaj, ki vid pou itilizasyon melanje sou Remsen Street, pou pèmèt 7-8 nouvo inite rezidansyèl ak 2-5 vitrin komèsyal. Renovasyon enteryè yo ak reyabilitasyon MEP avèk kèk retouch kosmetik pral mennen nan lojman ak opòtinite komèsyal nan sant biznis la.

Renove twa inite nan yon bilding istorik kle pou itilizasyon melanje: 244,000 dola

Renove de etaj siperyè ki anwo Smith's nan bilding twa etaj pou itilizasyon melanje nan 171 Remsen Street. Reyabilitasyon twa inite ki detwi kounye a gen pou objektif ogmante pak lojman nan koridò komèsyal Cohoes la.

Elaji atizay piblik atravè kreyasyon penti sou mi ak eskilti nan anba lavil: 100,000 dola

Akizasyon ak kreyasyon yon seri penti sou mi epi fabrikasyon ak enstalasyon yon koleksyon inik nan eskilti mastodon atravè anba lavil la – tou de anbeli anviwònman konstwi a ak atire trafik pye.

Kreye panno oryantasyon ak imaj nan tout vil la: 125,000 dola

Kreye yon estrateji panno oryantasyon ak imaj (branding) pou Cohoes anba lavil ki koyeran grafikman ak materyèlman nan konsevwa ak enstale siyalizasyon ki ka modifeye ak eleman mizik imèsif nan lokal kle yo.

Etabli yon fon Cohoes pou ti pwojè: 600,000 dola

Aplike yon fon pou ti pwojè pou ofri prim ki baze sou ranbousman pou sipò ti biznis, amelyorasyon estetik ak amelyorasyon fasad. Biwo Devlopman Kominotè ak Ekonomik Vil la pral jere ak sipèvize fon an, li etabli yon kritè evalyasyon ki egzije tou yon korespondans esponsò prive 50%.

NY Forward

Baze sou elan Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) reyisi eta a, pwogram NY Forward 100 milyon dola a adopte menm estrateji "Planifye epi Aji" tankou DRI pou sipòte yon rekiperasyon anba lavil ki pi ekitab pou kominote New York ki pi piti ak riral yo. Envestisman NY Forward fè pati efò kontinyèl Gouvènè a pou revitalize ekonomi an epi kreye plis opòtinite nan Rejyon Kapital la.

Sèt pwojè NY Forward Coxsackie, ki bay yon total 4.5 milyon dola, gen ladan:

Transfò 14 S. River St. pou tounen Sant Vizitè ak Mize: 1,186,000 dola

Reyabilite 14 S. River St. pou tounen yon Sant Vizitè ak Mize, ki gen ladan espas kominotè pou plizyè fonksyon ak ajoute twalèt piblik pou vizitè anba lavil ak Riverside Park.

Restore blòk Dolan pou reyamenajman pou itilizasyon melanje: 1,000,000 dola

Reyabilite bilding istorik blòk Dolan pou akomode espas komèsyal premye etaj ak apeprè 10 inite rezidansyèl nan etaj anwo yo.

Revitalize 5-7 Mansion St. pou itilizasyon melanje: 700,000 dola

Reyabilite estrikti istorik la nan 5-7 Mansion St. pou akomode sousòl pou komès an detay ak/oswa sèvis manje epi bay plizyè inite rezidansyèl pou lokasyon nan etaj anwo yo.

Devlope lojman pou atis ki abòdab nan sit travay piblik yo: 500,000 dola

Konstwi yon devlopman lojman abòdab pou itilizasyon melanje ak revni melanje nan sit Travay Piblik Vilaj la, ki konsantre sou atis. Pwojè a pral gen ladann yon peyizaj lari ki amelyore ak nenpòt reyabilitasyon sit ki pa itilize ki nesèsè.

Kreye yon espas atistik, alimantè ak mizikal nan 1 Reed St: 74,000 dola

Enstale yon kwizin komèsyal epi fè amelyorasyon enteryè ak eksteryè nan bilding lan nan 1 Reed St. pou akomode yon lokal pou montre espektak atistik kominotè, pèfòmans mizikal an dirèk ak ekspozisyon espesyalite.

Enstale ekipman pou amelyore sèvis selilè nan anba lavil Coxsackie: 240,000 dola

Enstale ekipman anlè 46 Reed St. pou bay rezidan ak vizitè anba lavil Coxsackie pwoteksyon selilè.

Amelyore enfrastrikti peyton anba lavil: 800,000 dola

Konsevwa ak konstwi enfrastrikti lari ak twotwa pou amelyore koneksyon pyeton yo ak sekirite anba lavil la, ki gen ladann yon antre pòtay amelyore ak enkòpore amelyorasyon enfrastrikti vèt pou rezoud pwoblèm dlo lapli.

Senk pwojè NY Forward Cambridge, ki bay yon total 2.25 milyon dola, gen ladan:

Elaji Bibliyotèk Piblik Cambridge: 736,000 dola

Kreye yon nouvo antre avèk yon antre aksesib, sal reyinyon kominotè, depo pou liv, ekspozisyon istwa lokal, zòn pou vann liv ak sal pou pwogram Farm2Library, ansanm ak restorasyon Gazebo.

Reyabilite granj wouj ak etabli kòmansman Santye Owl Kill ak pak kominotè: 347,000 dola

Revitalize "Lumberyard" atravè reyabilitasyon granj wouj pou itilizasyon komèsyal, enstalasyon pasaj pyeton ak yon pakin ki gen rechaj pou veyikil elektrik (EV) epi ranplasman de bilding ki abandone avèk yon pak piblik ak yon santye Owl Kill.

Elaji kwizin kominotè Cambridge Food Co-Op: 375,000 dola

Konstwi yon adisyon nan bilding Cambridge Food Co-Op pou elaji kwizin nan epi bay plis depo, magazen an detay, ak kapasite manje, epi tou pou fasilite kou pou kwit manje ak itilizasyon kominote a.

Naturalize kouran dlo Owl Kill la ak amelyore ekipman pak ozalantou a: 350,000 dola

Naturalize rivyè Owl Kill la pou amelyore sekirite ak aksè, sitou sou segman nan Pak Varak ak travay planifikasyon ki pwolonje nan zòn Lumberyard la tou.

Rekonstwi 18 West Main St. pou restore lojman lokasyon: 442,000 dola

Rebati estrikti ki domaje nan dife a nan 18 West Main St. pou akomode apeprè 4 inite rezidansyèl pou lokasyon.

Sèt pwojè NY Forward Kinderhook, ki bay yon total 2.25 milyon dola, gen ladan:

Restore kyòsk mizik istorik la ak enstale twalèt piblik: 220,000 dola

Retabli kyòsk mizik istorik la ak aksè ADA epi konstwi twalèt piblik ki konfòm ak ADA.

Rekonfigire ak amelyore Pak Rothermal: 825,000 dola

Amelyore Pak Rothermal pou mete nouvo ekipman lakou rekreyasyon, teren espò ak lòt ekipman sit.

Revitalize ansyen famasi: 272,000 dola

Estabilize ak reyabilite bilding Old Pharmacy a, ki sitiye nan yon kwen enpòtan nan Chatham St. ak Albany Ave., pou akomode itilizasyon komèsyal nan etaj tè a ak apatman rezidansyèl pou lokasyon anwo yo.

Amelyore enfrastrikti pyeton ak siklis nan Albany Ave.: 467,000 dola

Aplike amelyorasyon "lari konplè" yo sou Albany Ave. pou ogmante konfò ak sekirite pou pyeton ak siklis k ap vwayaje ant Santye Elektrik Albany-Hudson ak distri biznis debaz la.

Enstale yon santye kominotè nan Kay Vanderpoel: 100,000 dola

Kreye yon chemen lwazi kominotè atravè pwopriyete House of History, ki konekte Santye Elektrik Albany-Hudson ak Broad St.

Enstale limyè nan Village Square: 62,000 dola

Enstale nouvo ekleraj sou Broad St. epi restore ekleraj ki egziste deja nan Village Square la.

Fon pou ti pwojè: 304,000 dola

Kreye yon fon pou ti pwojè pou antreprann yon seri pi piti renovasyon ak amelyorasyon fasad nan bilding komèsyal ak bilding ki gen plizyè itilizasyon anba lavil.

Sekretè Enterimè Eta a, Brendan C. Hughes, te deklare, "Cohoes, Cambridge, Coxsackie ak Kinderhook tout mete ansanm plan anbisye pou transfòme kominote yo, epi kounye a yo ap mete plan sa yo an aksyon atravè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavi la ak pwogram NY Forward. Nou kontan wè vizyon yo pran fòm atravè pwojè sa yo ki pral ajoute ekipman piblik, lojman ak kilti ki nesèsè anpil nan chak kominote pou rezidan yo jwi pou ane k ap vini yo."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development, Hope Knight, te deklare, "Prim sa yo pral pran semans plan estratejik yo epi devlope yo pou tounen pwojè ki pral alimante kominote Rejyon Kapital sa yo, rezidan yo ak vizitè yo. Soti nan reyimajine bilding istorik rive nan kreye espas rezidansyèl, komèsyal, kiltirèl ak deyò ki dirab ak dinamik, Eta New York ap investi nan lide kominote ap dirije k ap pote fwi ki gen enpak."

Komisyonè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote a, RuthAnne Visnauskas, te deklare, "16 milyon dola nan investisman DRI ak NY Forward yo anonse jodi a pral gen yon enpak transfòmatè sou Cohoes, Coxsackie, ak Cambridge, k ap kreye plis pase 60 nouvo apatman epi ogmante dinamik chak kominote avèk nouvo ekipman piblik yo. Lè nou vize resous yo nan direksyon pwojè lidè lokal yo idantifye kòm priyorite, prim sa yo ka ede dirèkteman adrese bezwen minisipalite yo, benefisye rezidan yo ak vizitè yo. Nou remèsye Gouvènè Hochul pou enterè li ki kontinye sou revitalize kominote yo nan chak rejyon New York."

Ko-Prezidan CREDC Ruth Mahoney, Vis Prezidan Egzekitif, Prezidan Jesyon Patrimwàn ak Prezidan Rejyonal nan NBT Bank, ak Doktè Havidán Rodríguez, Prezidan University at Albany, te deklare, "Pandan Rejyon Kapital la ap grandi nan popilarite, li atire endistri dènye kri ak plis moun ki fèk vini nan zòn nan, nou kontan sipòte plan pou kreye kote ki pi dinamik pou moun yo rele lakay yo. Finansman DRI ak NY Forward sa a pou Cohoes, Cambridge, Coxsackie ak Kinderhook pral pèmèt lide kominote pou plizyè pwojè – soti nan boza ak pak rive nan manje ak lojman – vin yon reyalyte eksitan."

Majistra Vilaj Cambridge, Carman Bogle, te deklare, "Mèsi Gouvènè Hochul ak tout reprezantan nou yo. Nan non Vilaj Cambridge la, mwen kontan dèske nou te anonse seleksyon final nou yo jodi a. Nou pa ka tann pou nou wè kòmansman travay pou fè pwojè sa yo vin yon reyalyte. Mèsi a tout moun ki te travay avèk nou pandan dènye ane a pou bèl opòtinite sa a pou investi nan kominote nou an."

Majistra Vilaj Kinderhook, Dorene Weir, te deklare, "Vilaj Kinderhook t ap tann jou sa a depi kèk tan. Nou trè kontan ak eksite pou nou kòmanse pwojè sa yo. Mèsi biwo Gouvènè a pou opòtinite sa a."

Majistra Vil Cohoes, William Keeler, te deklare, "Pandan ane ki sot pase a, kominote nou an te travay ansanm pou idantifye ak chwazi pwojè yo pou rekòmande pou gouvènè a pou finansman atravè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavi la ki trè konpetitif ki

se 10 milyon dola. Anons jodi a make pwochen etap enpòtan nan transfòmasyon anba lavil nou an epi nou kontan kòmanse pi vit posibil."

Majistra Vil Coxsackie, Mark Evans, te deklare, "Vilaj Coxsackie rekonesan anpil pou avansman pwojè transfòmatè sa yo. Nou espere kòmanse pi vit posibil pou nou mennen devlopman ekonomik nan tout kominote nou an."

Kominote DRI ak NY Forward yo te devlope Plan Enplemantasyon Estratejik (SIP), ki kreye yon vizyon pou lavni anba lavil yo epi idantifye ak rekòmande yon seri pwojè konplèmantè, transfòmatè ak egzekitif ki sipòte vizyon sa a. SIP yo gide pa yon Komite Planifikasyon Lokal (Local Planning Committee, LPC) ki gen ladan lidè lokal ak rejyonal, moun ki gen enterè yo, ak reprezantan kominote yo, avèk asistans yon konsiltan deziyen ak anplwaye DOS, yo tout fè anpil kontak ak angajman kominotè lè yo detèmine pwojè yo.

Enfòmasyon sou Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil ak NY Forward

Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (DRI) ak NY Forward se poto mitan politik devlopman ekonomik eta a. Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la te lanse an 2016 pou akselere epi elaji revitalizasyon anba lavil yo ak katye yo nan tout dis rejyon eta a pou sèvi kòm sant aktivite epi katalizè pou investisman. Pwogram NY Forward la te kreye an 2022 pou revitalize kominote ki pi piti ak riral yo atravè Eta a pou tout kominote yo ka benefisye efò revitalizasyon Eta a, kèlkeswa gwosè, karaktè, bezwen ak defi yo. Dirije pa Depatman Deta (Department of State, DOS)—avèk asistans Depatman Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Department of Housing and Community Renewal, HCR), Empire State Development (ESD) ak Otorite Rechèch & Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research & Development Authority, NYSERDA), DRI ak NY Forward reprezante yon estrateji "planifye-anwit-aji" san parèy ak inovatè ki asosye planifikasyon estratejik avèk aplikasyon imedya. Tou de pwogram yo ap kreye yon mas kritik anba lavil dinamik nan chak rejyon nan Eta a k ap amelyore devlopman ekonomik, pwomouvwa kalite lavi, ankouraje devlopman sosyo-ekonomik ak atenn objektif klimatik anbisye eta a.

Nan sèt premye faz DRI a, eta a te angaje 800 milyon dola, investi nan 81 anba lavil yo ki pare pou revitalizasyon epi ki gen potansyèl pou tounen leman pou redevlopman, biznis, kreyasyon travay, pi gwo divèsite ekonomik ak lojman, ak opòtinite. Nan de premye faz NY Forward, eta a te angaje 200 milyon dola, investi nan 43 anba lavil ki pi piti ak riral yo.

Avèk angajman Gouvènè a te pran pou ane sa a yon lòt 100 milyon dola chak pou Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la ak NY Forward, kounye a eta a te investi yon total konbine 1.2 milya dola nan tou de pwogram yo depi kreyasyon yo, k ap sèvi 124 kominote yo ansanm.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)